

# CARE CONNECTION

NIMEWO 1 | 2024

BATI LAVI AN SANTE



Sante mantal jèn yo

Pran yon vakans  
pandan wikenn nan

Aktivite pou jounen pou  
Tè a pou aprann timoun yo  
fason yo ka pran swen planèt  
nou an

Avi sou pratik konfidansyalite yo

Fason ou ka enskri nan  
pwogram jesyon swen

Fason prestasyon  
famasi w yo mache

Fason ou ka jwenn enfòmasyon  
sou prestasyon w yo

Konpòtman ki bon pou lasante

Pitit ou yo ka pwofite  
kou natasyon!

CAHPS –  
Se lè pou fè sondaj la!

Enfòmasyon ki enpòtan

Konnen ki kote ou ka ale pou  
resevwa swen medikal



  
**AmeriHealth Caritas**<sup>™</sup>  
Florida

# Sante mantal jèn yo

Sante mantal adolesan w enpòtan. Li ka afekte **etid li yo ak nèt li jwenn yo**, desizyon li pran yo ak tout sante li nèt. Lè yon adolesan gen pwoblèm sante mantal, gen plis chans pou l **pran dwòg** oswa pou l viktim vyolans. Li ka menm adopte yon konpòtman seksyèl ki gen gwo risk epi sa ka fè l pran VIH, sa ka fè l gen maladi moun pran nan sèks e sa ka fè l tonbe ansent.

Metè sou sa, sante mantal adolesan w kapab afekte byennèt li pi devan, nan laj adilt. Se pou rezon sa a li enpòtan pou w aji kounye a pou l ka gen yon bèl avni.

Yon bagay ki enpòtan se ede l santi li gen plas li nan lekòl la ak nan fanmi an. Adolesans yo bezwen konnen gen moun ki enterese nan yo, kit se an pèsòn, kit se sou teknoloji vityèl.

Lekòl adolesan w frekante a jwe yon wòl enpòtan pou sante mantal li. Nan lekòl la, non sèlman li aprann, men tou li ka fè spò, patisipe nan diferan aktivite epi devlope bonjan relasyon avèk kamarad yo ak pwofesè yo.

Men kèk bagay ou kapab fè pou sante mantal adolesan w lan:

- **Pale** avè l yon fason ki ouvè e ki onèt sou sa ki enpòtan pou li.
- Sipèvize li pou asire w li fè chwa ki bon pou sante li.
- Pase tan avè l.
- Patisipe nan aktivite ki fèt lekòl yo epi ede l fè devwa l yo.
- Pote tèt ou volontè pou travay nan lekòl la.
- Pale ak pwofesè l yo.

Si w bezwen èd kounye a, ou kapab kontakte yon konseye nan liy tèks pou kriz la nenpòt lè. Sèvis sa a ka ede nenpòt moun ki nan yon sitiyasyon kriz san sa pa koute l anyen.

- Voye tèks HOME nan nimewo **741741**.
- Jwenn plis enfòmasyon sou **[www.crisistextline.org](http://www.crisistextline.org)**.

Èske ou bezwen sipò kounye a? Si ou menm oswa yon moun ou konnen nan yon sitiyasyon ki difisil oswa ap travèse yon kriz, gen èd ki disponib. Rele oswa voye yon mesaj tèks nan **988**.



Sous: Division of Adolescent and School Health, National Center for HIV/AIDS, Viral Hepatitis, STD, and TB Prevention, “Mental Health: Poor Mental Health Impacts Adolescent Well-being,” Centers for Disease Control and Prevention, 6 desanm 2023, <https://www.cdc.gov/healthyyouth/mental-health/index.htm>.

# Pran yon vakans pandan wikenn nan

Vakans yo se yon zouti ki enpòtan pou bese strès la epi recharge batri w. Sepandan, si w santi w bouke, lèfini ou pa gen ni tan ni kòb pou pran yon avyon pou pase yon vakans nan yon gwo otèl, gen kèk bagay ou kapab fè pou pran yon vakans san w pa janm kite zòn ou rete a.

Pou kòmanse, chanje mantalite w. Ekspè yo rekòmande pou w wè wikenn ou tankou yon vakans. Men kèk bagay ou kapab fè pou w pase yon bèl ti moman:

1. **Pale sou sa.** Lè semèn travay la rive nan bout li, fè zanmi w yo ak fanmi w konnen ou gen entansyon pran vakans pandan wikenn nan. Lè ou di yo sa byen klè, ou montre yo sa k pral fèt pandan jou k ap vini yo.
2. **Se pou w kreyatif.** Se pa tout moun ki jwenn de jou konje youn apre lòt. Pou kèk mounm, wikenn nan chake ak responsablite epi yo gen anpil kote pou yo ale. Si se ka pa w, chwazi yon sware pandan semèn nan pou pran yon “vakans.” Si w toujou gen plizyè bagay pou w fè, chwazi yon lè pou fè travay ou gen pou fè a, men rezève rès tan an pou fè bagay ou anvi fè.
3. **Bliye sa ki anpeche w jwi vakans ou.** Reflechki sou diferan bagay ki fè w pa kapab gen mantalite vakans lan. Èske se yon kesyon kòb? Genyen anpil aktivite ou kapab fè ki prèske pa koute anyen oswa ki gratis, tankou al fè yon ti mache nan lanati, al nan plaj la oswa fè yon piknik. Petèt ou te ka annik fèmen imèl ou, pase yon ti tan ak kèk moun ou gen lontan ou pa wè, oswa pa fè travay ou konn fè yo pou yon ti tan.
4. **Se pou w aji tankou yon touris.** Ou pa bezwen ale lwen pou aji tankou yon touris. Ou kapab vizite yon zòn ou poko janm vizite nan vil ou rete a. Ou kapab fè yon ti mache epi eseye yon nouvo restoran. Lè ou soti nan woutin ou, ou jwenn anpil byenfè pou sante mantal ou.
5. **Fè bagay yo senplifye lavi w.** Pran yon vakans pandan wikenn nan pa vle di gen anpil preparasyon ki pou fèt. Menm si w ta annik pase kèk minit pou pran yon ti kafe deyò yon samdi aprèmidi, sa ka gen yon gwo enpak. Epitou, ou te ka pwofite okasyon sa a pou planifye pwochen gwo vwayaj ou pral fè a!

Sous: Angela Haupt, “Need a Break Now? Try Treating Your Weekend Like a Vacation,” *Time*, 15 jen 2023, <https://time.com/6286847/vacation-mindset-weekend-mental-health/>.



# Aktivite pou jounen pou Tè a pou aprann timoun yo fason yo ka pran swen planèt nou an

Èske ou te konnen yo te vini ak jounen pou Tè a an 1970 pou aprann moun yo ki jan pou yo pran swen Tè a? Sa te gen yon gwo enpak epi yo te adopte plizyè nouvo lwa pou pwoteje anviwònman an. Sa te menm kontribye pou yo kreye Ajans Pwoteksyon Anviwònman an nan peyi Etazini (Environmental Protection Agency).

Yo selebre jounen pou Tè a chak ane nan dat 22 avril. Plizyè milya moun nan lemonnanyte patisipe nan diferan aktivite. Se yon bon moman pou ede timoun yo konprann lanati ak monn k ap antoure nou an.



## Men kèk aktivite ki amizan ou ka fè ane sa a pou selebre jounen pou Tè a.

### Pran yon angajman pandan jounen pou Tè a.

Reflechki sou tout sa ou menm ak fanmi w kapab fè pou pran swen planèt nou nan ane k ap vini an, epi ekri yo. Menm yon ti bagay tankou etenn limyè yo oswa pran mwens tan pou benyen kapab gen yon enpak.

### Fè ti boul ki plen ti grenn.

Fè ti boul ki plen ti grenn se yon aktivite ki fasil e ki amizan pou timoun tout laj. Pran kèk vye moso papye, tranpe yo nan dlo epi kraze yo pou fè yon pat avèk yo. Apre sa, melanje ti grenn yo (nou rekòmande itilize ti grenn flè ki nan rajè) epi fè l fè yon boul. Kite ti boul ki plen ti grenn nan seche, epi plante li nan yon po oswa nan lakou a. Apre sa, annik rilaks epi kite l grandi! Apre kèk semèn, l ap ba w bèl flè.

### Jwe bingo ak lanati.

Prepare pwòp kat ou yo ak imaj plant, pyebwa, flè, ensèk ak bèt ki konn nan lakou a. Apre sa, soti deyò epi gade kiyès ki jwenn yo tout an premye. Pa bliye di bingo byen fò!

### Sèvi ak pwodui resiklab pou fè yon travay atistik.

Si w gen yon ti kras imajinasyon, ou gendwa sèvi ak bagay ou konn jete yo pou fè yon pwojè atistik ki enteresan. Eseye koupe yon katon ze an plizyè moso epi pentire moso sa yo nan koulè vèt. Apre sa, kole yo sou papye konstriksyon pou kreye kèk fèy epi ajoute yon woulo papye twal pou kreye yon

twon pyebwa. Osinon, ou kapab dekore yon bokal epi sèvi avè l pou kenbe kreyon w yo, konsa w ap sonje jounen Tè a pandan rès ane a.

### Chèche diferan fason pou ede anviwònman an.

Prepare yon lis kesyon pou ede pitit ou yo reflechi sou diferan fason yo kapab ede planèt nou an. Men kèk kesyon ou te ka poze:

- Ki bagay ou kapab resikle?
- Ki jan ou kapab konsome mwens kouran nan kay la?
- Ki sa plant yo fè pou nou e pou Tè a?
- Poukisa nou pa ta dwe jete fatra atè a?
- Poukisa nou pa ta dwe jete fatra nan lanmè a?
- Ki jan nou kapab resikle epi reutilize bagay nou pa bezwen ankò yo?

Annou itilize jounen pou Tè sa a pou sonje angajman nou te pran pou n pran swen planèt nou an pandan tout ane a.

Sous: Sarah McLelland, "35 Earth Day Activities for Kids," *Little Bins for Little Hands*, 14 avril 2023, <https://littlebinsforlittlehands.com/hands-on-earth-day-activities-for-kids/>.

Ryan Hudgins, "20 Earth Day activities that'll remind kids and adults how precious our planet is," *Today*, 24 fevriye 2023, <https://www.today.com/life/holidays/earth-day-activities-rcna70983>.

## WanaBana raple ti pòch Apple Cinnamon Fruit Purée yo poutèt yo gen yon nivo plon ki wo

Nan dat ki te 29 oktòb 2023, FDA a te pibliye yon rapèl piblik pou l mande paran yo ak moun k ap okipe timoun yo pou yo pa achte Apple Cinnamon Fruit Purée, ki se yon seri ti pòch ki gen manje WanaBana vann, ni pou pa bay timoun yo manje yo. Pwodui sa yo kapab gen yon nivo plon ki wo.

Yo konn vann pwodui sa a Ozetazini sou non Schnucks Apple Sauce with Cinnamon 90 g ak Weis Cinnamon Apple Sauce 90 g.

Si yon timou te manje nenpòt nan pwodui sa yo, paran yo oswa moun ki okipe yo ta dwe kontakte pwofesyonèl sante prensipal timoun nan pou l fè yon tès depistaj plon.

Gade anons sou rapèl la pou jwenn plis enfòmasyon.

# Avi sou pratik konfidansyalite yo

Nou bay lavi prive w anpil enpòtans. Se pou rezon sa a nou pran anpil prekosyon pou itilize enfòmasyon pèsònèl ou yo kòm sadwa e pou pwoteje yo. Pou konnen sa nou fè pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon w yo, tanpri konsilte oswa enprime yon kopi **avi sou pratik konfidansyalite yo (PDF)**.

CONFIDENTIAL



## Fason ou ka enskri nan pwogram jesyon swen

AmeriHealth Caritas Florida genyen jesyonè swen ki la pou ede w rete an sante. Pwogram jesyon swen nou yo ede w jere maladi alontèm, blesi, gwosès ak sante mantal. Nou genyen pwogram sante pou sitiyasyon tankou opresyon, gwosès, pwoblèm kè, jesyon swen konplèks, dyagnostik sante konpòtmantal ak dyabèt.

Ou pa gen pou peye anyen pou pwogram sa yo. Si w vle enskri nan youn nan pwogram sa yo, mande PCP w refere w oswa refere tèt ou. W ap jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo ak sou fason ou ka enskri ladan yo:

- Sou sitwèb nou an nan adrès [www.amerihealthcaritasfl.com](http://www.amerihealthcaritasfl.com).
- Nan ti liv pou manm ou an.
- Lè ou rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.

## Konprann jesyon swen an

Sèvis jesyonè swen nou yo la pou ede w ak fanmi w jere kèk pwoblèm medikal ou ka genyen. Epitou, yo ede w resewa menm sèvis la de fwa e sa ka fè depans yo mwens tou. Pwogram sa a la pou amelyore sante w atravè sèvis k ap ede w jere swen sante w yo.

## Kiyès k ap patisipe?

Yon konektè swen se yon espesyalis ki pa yon pwofesyonèl klinik e ki evalue bezwen jesyon swen manm yo. Konektè swen yo kontakte manm yo pou ede yo jwenn swen. Yo bay yon sipò administratif, yo pran randevou pou manm yo, yo bay yo resous pou fè yo jwenn enfòmasyon e yo pran dispozisyon pou transpò a.

- Yon **jesyonè swen** se yon enfimyè anrejistre oswa yon espesyalis sante konpòtmantal ki kreye, ki suiv e ki mete ajou plan swen manm yo. Enfimyè ki jesyon swen yo dwe gen yon sètifikasyon nan jesyon swen oswa de twazan eksperyans antanke pwofesyonèl ki gen lisans.

## Ki sèvis nou bay?

### Jesyonè swen yo kapab:

- Kontakte w nan telefòn, nan mesaj tèks oswa atravè toude metòd sa yo. Sa ede yo ba w sipò ak pwoblèm sante kwonik ou, ak edikasyon nan domèn sante ak kowòdinasyon swen.
- Idantifye ki obstak ki anpeche w jwenn swen.
- Ede w jwenn medikaman, ekipman medikal ak founiti ou bezwen yo.
- Idantifye risk ki egziste yo nan domèn sante fizik, sante konpòtmantal ak sosyal, epi ede w jere risk sa yo.
- Planifye sèvis transpò a pou ale nan randevou medikal ou yo.
- Fè w jwenn sèvis swen sante ak resous ki disponib nan kominote a.
- Mete sou pye yon plan jesyon swen pou ou.

## Ki jan manm yo ka itilize sèvis sa yo?

### Ou ka itilize sèvis ou jwenn nan men jesyonè swen ak konektè swen nou an pou:

- Jwenn medikaman oswa ekipman medikal ou bezwen yo.
- Jwenn yon pwofesyonèl sante oswa yon espesyalis.
- Jwenn enfòmasyon sou sante pou pi byen konprann pwoblèm sante w la e pou adopte yon mòd devyi ki bon pou sante w.

## Kiyès ki kalifye pou pwogram jesyon swen yo?



**Manm ki ansent:** Manm ki ansent yo kalifye pou pwogram matènite Bright Start® nou an. Manm ki ansent e ki gen yon gwo risk yo ka kalifye pou yon pwogram jesyon swen tou.



### Manm ki gen pwoblèm sante

**kwonik:** Manm ki gen yon pwoblèm sante tankou opresyon, dyabèt, bwonkonemopati kwonik obstriktif (COPD) ak maladi kadyovaskilè yo ka kalifye pou pwogram jesyon pwoblèm sante ak maladi kwonik la.



### Manm ki gen gwo bezwen nan domèn

**sante konpòtmantal:** Manm sa yo ka kalifye pou pwogram jesyon swen sante konpòtmantal nou an.



### Manm ki gen plizyè pwoblèm sante

**fizik ak konpòtmantal:** Manm sa yo ka kalifye pou pwogram jesyon swen ki konplèks nou an.



### Manm ki te entèn lopital men k ap

**prepare pou yo egzeyate:** Manm sa yo ka kalifye pou pwogram jesyon swen tranzisyon an.

Moun k ap pran swen manm sa yo ak pwofesyonèl sante yo ka refere yo nan pwogram jesyon swen sa yo. Ou ka refere tèt ou tou. Ou pa bezwen pou yon lòt moun refere w pou patisipe nan pwogram sa yo.

Gen kèk manm ki ka gen yon seri bezwen ki konplèks oswa ki ka bezwen plis swen pase sa yo resevwa kounye a. Nan ka sa yo, manm nan oswa pwofesyonèl sante a ka mande sèvis sa yo. Pou fè sa, li ka rele:

- Jesyonè swen manm nan.
- Ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.

### Èske manm yo oblije itilize sèvis sa yo?

Non. Ou ka kite oswa refize sèvis jesyon swen yo lè jesyonè swen w rele w.

Pou kite pwogram nan lè ou gentan resevwa sèvis yo, ou ka kontakte jesyonè swen w oswa ou ka rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.

Ekip repons ak kontak rapid la disponib pou manm ki bezwen swen ki ijan san pèdi tan. Rele ekip repons ak kontak rapid la nan **1-855-371-8072 (TTY 1-855-371-8073)**. Epitou, ou ka pale ak pwofesyonèl sante w konsènan sèvis jesyonè swen yo.

Antanke manm, ou gen kèk dwa ak responsablite. Ou ka li sa yo ye sou sitwèb nou an nan adrès [www.amerihealthcaritasfl.com](http://www.amerihealthcaritasfl.com) oswa ou ka rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)** pou mande n voye yon kopi ba w pa lapòs.

## Fason prestasyon famasi w yo mache

- Ou pap peye anyen pou medikaman sou preskripsyon nou peye pou yo. Sèvi ak prestasyon famasi w yo se yon bagay ki sipoze fasil. Pwofesyonèl sante w gendwa ekri yon preskripsyon pou medikaman ou bezwen an si plan an peye pou li.
- Ou ka pote preskripsyon an nan yon famasi ki fè pati rezo nou an epi ou ka montre famasyen an kat manm AmeriHealth Caritas Florida w la.
- Pou jwenn yon famasi ki fè pati rezo a, ale sou sitwèb nou an sou [www.amerihealthcaritasfl.com](http://www.amerihealthcaritasfl.com) oswa rele ekip sèvis famasi pou manm yo nan **1-855-371-3963 (TTY 711)**.
- Pwofesyonèl sante w dwe tcheke ki medikaman ki sou lis medikaman prefere a (PDL) lè l ap ekri preskripsyon w. PDL la gen ni medikaman mak prefere ni medikaman jenerik.

PDL la gen ladan l limit, restriksyon ak preferans. W ap jwenn PDL la sou sitwèb Agency for Health Care Administration (AHCA) nan : [www.ahca.myflorida.com/Medicaid/Prescribed\\_Drug/pharm\\_thera/fmpdl.shtml](http://www.ahca.myflorida.com/Medicaid/Prescribed_Drug/pharm_thera/fmpdl.shtml).

Mete sou sa, ou ka konnen tout mizajou ak chanjman ki fèt nan PDL la nan rapò somè sou chanjman yo, ki sou menm paj ak PDL la. Lè l ap ekri yon preskripsyon pou medikaman ki pa sou PDL la, pwofesyonèl sante w ka gen pou l mande nou yon otorizasyon anvan ou ka al chèche medikaman an nan famasi a. Nou rele sa otorizasyon alavans. Pwofesyonèl sante w ta dwe voye nou yon demann otorizasyon alavans si sa nesèsè. N ap egzamine demann nan epi n ap fè pwofesyonèl sante w la konnen desizyon nou. Si nou pa otorizeme dikaman sou preskripsyon an, n ap voye yon lèt ba w pou di w poukisa. Si w pa dakò ak desizyon nou an, lèt la ap fè w konnen fason ou ka fè apèl si w ta renmen fè sa.





## Fason ou ka jwenn enfòmasyon sou prestasyon w yo

Antanke manm AmeriHealth Caritas Florida, ou te resevwa yon dosye akèy ki esplike w ki jan ou kapab jwenn enfòmasyon sou prestasyon sante w yo. Ou kapab konsilte ti liv pou manm yo ak lòt enfòmasyon sou sitwèb oswa sou aplikasyon mobil nou an. Epitou, ou ka rele ekip sèvis pou manm yo pou mande enfòmasyon sa yo nenpòt lè.

- Yon lis prestasyon ak sèvis ki fè pati plan sante w ak sa ki pa fè pati plan w
- Fason pou w itilize prestasyon famasi w yo
- Enfòmasyon sou ko-peman yo
- Fason ou ka jwenn sèvis pou ede w nan lang pa w san sa pa koute w anyen
- Fason ou ka voye yon demann pou sèvis plan an peye pou yo, si sa nesèsè
- Fason pou jwenn doktè ak lòt pwofesyonèl ak etablisman sante ki fè pati rezon nou an
- Fason ak kote ou ka jwenn sèvis swen prensipal
- Fason ou ka jwenn swen espesyalize ak sèvis lopital, oswa sèvis sante konpòtmantal
- Fason ou ka jwenn swen nan lè biwo yo fèmèn
- Fason ou ka jwenn swen nan yon sitiyasyon ijans, tankou lè ou dwe ale nan sal dijans lan oswa lè ou dwe rele **911**
- Fason ou ka resevwa swen lè w pa nan zòn ou rete a, ak nenpòt limitasyon nan prestasyon ki aplike pou sèvis ou resevwa deyò zòn sèvis AmeriHealth Caritas Florida a
- Fason ou ka rapòte fwod oswa abi ou sispèk
- Si w ka mande yon egzamen ekstèn ki endepandan sou desizyon final ki pran sou jesyon itilizasyon entèn yo
- Fason ou ka depoze plent ak apèl yo

Epitou, sitwèb nou an gen lòt enfòmasyon ki enpòtan. Ale sou [www.amerihealthcaritasfl.com](http://www.amerihealthcaritasfl.com) pou li ti liv pou manm yo oswa pou jwenn yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante. Tanpri rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)** si w ta renmen pou n voye enfòmasyon sa yo ba w pa lapòs.

Si w gentan rive nan limit prestasyon plan an peye pou yo, ou ka rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)** pou jwenn èd ak resous pou kontinye resevwa sèvis ou yo.

# Konpòtman ki bon pou lasante

Jwenn rekonpans lè ou adopte yon konpòtman ki bon pou lasante! Nou vle ede w atenn objektif ou yo nan domèn sante. Pwogram konpòtman ki bon pou lasante AmeriHealth Caritas Florida yo ka ede w amelyore sante w toutpandan w ap jwenn rekonpans pou sa. Pou chak pwogram konpòtman ki bon pou lasante ou fini, w ap resevwa yon kat kado.\* Pwogram konpòtman ki bon pou lasante nou yo gen ladan yo:

- Matènite
- Pòspatòm
- Vizit woutin kay doktè pou timoun
- Vizit woutin kay doktè pou timoun ak adolesan
- Sèvis prevansyon oswa sèvis anbilatwa pou adilt
- Tès depistaj pou plon
- Tès pou moun ki gen dyabèt
- Egzamen je pou moun ki gen dyabèt
- Suivi sante konpòtmantal
- Tès depistaj pou kansè tete
- Tès depistaj pou kansè sèvikal
- Pwogram pou pèdi pwa
- Pwogram pou sispenn fimen
- Pwogram retablisman anba abi alkòl ak lòt sibstans

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou pwogram konpòtman ki bon pou lasante nou yo, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Epitou, ou ka ale sou sitwèb nou an nan adrès **[www.amerihealthcaritasfl.com](http://www.amerihealthcaritasfl.com)**.

\*Ou ka patisipe nan plizyè pwogram konpòtman ki bon pou lasante (depi ou kalifye). Ou ka resevwa jiska \$50 kòm rekonpans pa ane pou chak pwogram. Ou ka enskri nan chak pwogram konpòtman ki bon pou lasante yon sèl fwa chak ane. Ou pa kapab sèvi ak rekonpans yo pou achte alkòl, tabak, biyè bòlèt, medikaman (sòf si se medikaman ki san preskripsyon), zam afe, oswa minisyon. N ap voye rekonpans yo apre nou verifye si w te fini pwogram konpòtman ki bon pou lasante a nètale.



AmeriHealth Caritas toujou ap egzamine nouvo pwosedi ak metòd medikal pou manm nou yo ka jwenn swen medikal k ap pèmèt yo rete an sekirite, ki modèn e ki bon kalite. Nou genyen yon ekip doktè k ap etidye nouvo teknoloji swen sante yo. Yo deside si teknoloji sa yo ta dwe fè pati sèvis plan an peye pou yo. Nou pa peye pou teknoloji, metòd ak tretman eksperimental pandan y ap etidye yo toujou.



## Pitit ou yo ka pwofite kou natasyon!

### Se apati 1<sup>ye</sup> avril ou ka enskri pou jwenn prestasyon sa a

Rete an sekirite nan dlo se yon bagay nou bay anpil enpòtans nan eta Florid. Se pou rezon sa a AmeriHealth Caritas Florida pwopoze yon prestasyon kou natasyon an sekirite nan dlo. Prestasyon sa a ka benefisyè 1,000 manm nou yo ki gen ant 6 mwa ak 12 lane.


Plan an pral peye jiska \$200 pou chak timoun. Nou pral peye dirèkteman yon ajans oswa yon enstriktè sètifye plan an apwouve.

Prepare w pou enskri! Pou jwenn prestasyon sa a, rele nou nenpòt lè soti 1<sup>ye</sup> avril pou rive 30 avril. Kou yo enskri, manm yo ka anrejistre nan nenpòt kou natasyon ki disponib nan yon etablisman nou apwouve pandan ane sivil 2024 la. Nou ka ede w jwenn yon etablisman nou apwouve ki bay kou natasyon toupre w.

**Nou ka enskri 1,000 timoun sèlman. Se moun ki mande enskri an premye yo k ap ka jwenn prestasyon sa a.**

### Si pitit ou kalifye, enskri l talè konsa!

Rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.



## CAHPS — Se lè pou fè sondaj la!

Nou vle asire nou ou satisfè ak swen ou resevwa yo. Se pou rezon sa a nou vle fè w konnen nou genyen sondaj ki rele Consumer Assessment of Healthcare Providers and Systems (CAHPS). Sondaj CAHPS la ede nou konnen sa manm nou yo panse de pwofesyonèl sante k ap patisipe nan plan nou an. Nou te kòmanse voye sondaj yo bay kèk manm AmeriHealth Caritas Florida depi fevriye 2024.\*

Si w resevwa yon sondaj sou fòm papyè men ou pa kapab ranpli l epi voye l tounen, ou ka reponn sondaj la nan telefòn. Sondaj telefonik la ap kòmanse nan mitan mwa avril 2024 e l ap dire jis nan mwa me 2024. Nou ta renmen konnen sa w panse de swen ou te resevwa yo. Si yo envite w patisipe nan sondaj CAHPS la, tanpri pran yon ti tan pou w fè sa. Nou ta renmen konnen sa ou panse!

\*Se pa tout manm plan sante yo k ap resevwa sondaj CAHPS la.

# ENFÒMASYON KI ENPÒTAN

## Èske ou pare pou itilize aparèy mobil ou?

Telechaje aplikasyon nou an san sa pa koute w anyen.\*

Itilize aplikasyon mobil nou pou gade kat manm dijital ou, antesedan sante w yo ak lòt resous ki enpòtan.

Pou jwenn aplikasyon mobil la, ale nan boutik Google Play oswa nan Apple App Store epi chèche **AHC mobile**. Osinon, ou ka eskane kòd pou Apple oswa Android pou telechaje aplikasyon an.

\*Ou ka gen pou peye sa operatè telefòn mobil ou mande pou voye mesaj oswa pou itilize done sou Entènèt.



Apple



Android

## Èske ou bezwen yon telefòn ki ka konekte ak Entènèt san w pa peye anyen pou sa?

Manm ki kalifye yo ka jwenn yon telefòn ki ka konekte ak Entènèt\* san sa pa koute yo anyen! Telefòn sa a mache avèk yon kantite done Entènèt ak minit ou resevwa chak mwa, yon kantite mesaj tèks ki pa limite, ak apèl telefòn ki pa koute anyen lè w ap rele ekip sèvis pou manm yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon e pou aplike, kontakte patnè nou, **SafeLink**, nan **1-877-631-2550**, epi masyone kòd pwomosyon **AMERIHEALTH**.

\*Limit la se youn pou chak fwaye, epi moun nan dwe gen omwen 18 lane pou 1 kalifye.

## Èske ou ansent? Fè nou konn sa



Rele nan **1-855-371-8076** pou enskri nan **Bright Start**®, yon pwogram espesyal pou manm nou yo ki ansent.

## Èske kowòdone w yo ajou?



Èske w fèk chanje kay oswa nimewo telefòn? Fè nou konn sa! Pou mete kowòdone w yo ajou, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800** (TTY **1-855-358-5856**) 24/7/365.

## Èske ou bezwen yon transpò pou ale nan yon randevou oswa pou jwenn yon sèvis swen sante?



Rele sèvis transpò **Amerihealth Caritas Florida** a nan nimewo gratis **1-855-371-3968**.

## RAPÈL

Gade pòtay manm yo pou konnen ki randevou ak medikaman sou preskripsyon ou genyen




[www.amerihealthcaritas-fl.com](http://www.amerihealthcaritas-fl.com)

## Èske ou te eseye telemedsin deja?

Dekouvri jan li pratik!

Telemedsin pèmèt ou pale ak yon pwofesyonèl sante san w pa oblije al nan kabinè li grasa yon òdinatè, yon tablèt oswa yon telefòn ki konekte ak Entènèt.

Mande pwofesyonèl sante w la si li bay opsyon telemedsin. Osinon, itilize **MDLIVE** san sa pa koute w anyen antanke manm.



## Nimewo telefòn ki enpòtan

Ou ka rele pou jwenn jwenn sèvis sa yo 24/7/365.


Ekip sèvis pou manm yo: **1-855-355-9800** (TTY **1-855-358-5856**)

Liy enfimye ki disponib 24 sou 24, 7 sou 7: **1-855-398-5615**

Sèvis transpò: **1-855-371-3968**

Ekip sèvis pou manm yo: **1-855-371-3963**

Sèvis sante konpòtmantal pou manm yo: **1-855-371-3967**



# KONNEN KI KOTE OU KA ALE POU RESEVWA SWEN MEDIKAL

## DOKTÈ PRENSIPAL (PCP) Swen medikal woutin ki pa swen ijans.

PCP w gendwa bay vizit telemedsin tou.

### Men kèk egzanp:

- Egzamen ki pou fèt chak ane
- Pwoblèm sante kwonik
- Lafyè
- Vaksinasyon
- Ti maladi oswa ti blesi
- Swen sante ki pa swen rapid
- Swen prenatal
- Vizit woutin

## Telemedsin MDLIVE® Disponib 24 sou 24/7 sou 7/365 jou nan ane a, kèlkeswa kote ou ye a! Chwazi ki metòd ou ta pito pou pale ak yon pwofesyonèl sante MDLIVE:

- Telechaje aplikasyon MDLIVE la nan boutik Google Play™ oswa nan Apple App Store®.
- Ale sou [www.mdlive.com/acfl](http://www.mdlive.com/acfl)
- Rele nan **1-877-601-0641** Voyer mesaj tèks ACFL bay **635483** (Ou ka gen pou peye sa operatè telefòn mobil ou mande pou voye mesaj oswa pou itilize done sou Entènèt.)

MDLIVE se yon sèvis ki la pou swen medikal ki pa ijan sèlman. Nan ka ijans, rele **911**.

### Men kèk egzanp:

- Alèji oswa pwoblèm sinis
- Sentòm rim oswa grip
- Konstipasyon oswa dyare
- Doulè nan zòrèy (pou moun ki gen 4 lane oswa plis)
- Maloje
- Iritasyon sou po a
- Pwoblèm respirasyon
- Malgòj
- Vant fè mal
- Enfeksyon kanal pipi a (pou fi ki gen 18 lane oswa plis)
- Ak plis bagay toujou

## SWEN RAPID Swen ou ka jwenn rapid lè ou pa nan yon ka ijans.

### Men kèk egzanp:

- Doulè nan zòrèy
- Lafyè
- Grip
- Ti koupe ak ti boule
- Iritasyon sou po a
- Antòs
- Enfeksyon kanal pipi
- Vomisman

## SWEN NAN SAL DIJANS Lè ou bezwen yon èd medikal tousuit

### Men kèk egzanp:

- Senyen san rete
- Zo kase
- Doulè oswa presyon nan pwatrin
- Toufe
- Ovèdòz
- Blesi nan tèt, nan kou oswa nan kolòn vètebral
- Lafyè
- Anpwazònman
- Tranche ak/oswa senyen
- Pandan gwosès
- Kriz malkadi
- Gwo boule oswa gwo koupe
- Gwou toudisman
- Souf kout oswa pa kapab respire

## SI W PA KONNEN KI KOTE POU W ALE

Rele PCP w dabò pou l ede w deside. Si w pa rive jwenn PCP w, liy enfimyè nou an toujou disponib pou ou, 24 sou 24, 7 sou 7, nan **1-855-398-5615**.

Si w gen yon ijans, rele **911**.

Si w gen yon ijans sante mantal oswa si w anvè touye tèt ou, rele **988**.

### **Zak diskriminasyon pa ann amoni ak lalwa**

AmeriHealth Caritas Florida dakò ak lwa federal sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon, li pa mete moun sou kote ni li pa trete moun yon fason ki diferan akòz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap, kwayans, relijyon, zansèt, sèks, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oubyen oryantasyon seksyèl.

AmeriHealth Caritas Florida:

- Bay moun ki gen andikap asistans ak sèvis gratis (san yo pa peye pou sa) pou kominike fasilman ak nou, tankou:
  - Entèprèt konpetan nan lang siy.
  - Enfòmasyon sou lòt fòm (gwo karaktè, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm ankò).
- Bay moun ki pa fò nan anglè sèvis lang gratis (san yo pa peye pou sa), tankou:
  - Entèprèt konpetan.
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w ta bezwen youn nan asistans sa yo, kontakte AmeriHealth Caritas Florida nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Nou disponib 7 jou sou 7 epi 24 sou 24.

Si w ta konstate AmeriHealth Caritas Florida neglije bay sèvis sa yo oswa te fè diskriminasyon kont ou yon lòt fason, ou menm oswa reprezantan otorize w (depi nou gen otorizasyon w alekri nan dosye nou yo) kapab depoze yon doleyans bay:

- Grievance and Appeals, P.O. Box 7368, London, KY 40742. Telefòn: **1-855-371-8078 (TTY 1-855-371-8079)**, oswa Fax: **1-855-358-5847**.
- Ou ka depoze yon doleyans pa mwayen imèl, faks, oswa telefòn. Si w gen difikilte pou w depoze yon doleyans, ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Florida yo ap kontan ede w.

Ou ka pote yon plent sou dwa sivil bay Depatman Sante ak Sèvis Dwa Moun Etazini an ak Biwo Dwa Sivil la pa mwayen elektwonik, ou ka fè sa sou Paj pou Plent Biwo pou Dwa Sivil la nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa mwayen kourye oswa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services  
200 Independence Avenue, SW  
Room 509F, HHH Building  
Washington, D.C. 20201  
**1-800-368-1019 (TTY 1-800-537-7697)**

Fòmilè pou plent yo disponib nan:  
<http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.

English: This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 hours a day, seven days a week. If your primary language is not English, or to request auxiliary aids, assistance services are available to you, free of charge.

Spanish: Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Póngase en contacto con nuestro número de servicios al cliente al **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, las 24 horas del día, los siete días de la semana. Si su idioma principal no es el inglés, o necesita solicitar ayudas auxiliares, hay servicios de asistencia a su disposición de forma gratuita.

Haitian Creole: Enfòmasyon sa yo disponib gratis nan lòt lang. Tanpri kontakte ekip sèvis kliyan nou an nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. Si anglè pa lang manman w oswa si w ta renmen mande yon èd konplemantè, ou ka resevwa sèvis ki gratis pou ede w.

Vietnamese: Thông tin này có sẵn miễn phí ở các ngôn ngữ khác. Vui lòng liên lạc bộ phận dịch vụ khách hàng của chúng tôi theo số **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 giờ một ngày, bảy ngày trong tuần. Nếu ngôn ngữ chính của quý vị không phải là tiếng Anh, hoặc để yêu cầu các thiết bị trợ giúp bổ sung, thì quý vị có thể sử dụng miễn phí các dịch vụ hỗ trợ.





**AmeriHealth** *Caritas*<sup>™</sup>

---

Florida